


Chante Sakima



✎ Ursula Nafula

✉ Peris Wachuka

📍 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

|| 3

😊 krèyol ayisyen ht



Global Storybooks

globalstorybooks.net

Chante Sakima

✎ Ursula Nafula

✉ Peris Wachuka

📍 ACE Haiti-University of Notre Dame USA




This work is licensed under a Creative Commons


[Attribution 4.0 International License.](https://creativecommons.org/licenses/by/4.0)

<https://creativecommons.org/licenses/by/4.0>







Sakima te rete kay paran li yo ak yon ti sè ki gen katran. Yo te rete sou tè yon mesye rich. Ti ajoupa yo te nan fon yon ranje pyebwa.




Mesye rich la te kontan anpil ke li wè ti gason'l lan ankò. Li rekonpanse Sakima pou tèt li te vin konsole li. Li menmen pitit gason li ak Sakima lopital pou yo geri je Sakima.




Lè Sakima te gen twa zan, li tonbe
malad epi li pedi je li. Sakima te yon
ti gason ki te gen anpil talan.




Menm lè sa a, de mesye tap pote
yon moun sou yon kad. Yo te jwenn
ti gason an ke moun te kale enpi
lage lòt bò wout la.




Sakima te fè anpil bagay ke lòt ti gason sizan pa te kapab fè tankou chita ak sis granmoun nan kominote a enpi pale sou gwo bagay ak yo.




Lè Sakima fin chante li vire pou'l tounen lakay li. Men, mesye rich la kouri sòti dèyè li, li di li "Tanpri chante ankò."




Paran Sakima tap trayay kay moun
rich sa a. Yo te kite lakay bonè nan
maten enpi yo te tounen byen ta
nan aswè. Yo te kite Sakima ak ti sè
li.




Travayè yo sispann sa yo tap fè. Yo
tap koute bèl chante Sakima yo.
Men yonn nan yo di « Okenn moun
pa ka console boss la. Eske ti gason
avèg sa a kwè ke lap console li? »




Sakima te renmen chante. Yon jou, manman'l mande li, "Ki kote ou aprann chante sa yo Sakima?"




Li kanpe anba yon gwo fenèt enpi li kòmanse chante chante mesye a renmen. Tèt mesye an kòmanse parèt tou dousman nan fenèt la.




Sakima reponn li "Yo vin konsa nan
tèt mwen, manman. Mwen tande yo
nan tèt mwen enpi mwen chante
yo."




Nan demen, Sakima mande ti sè li
pou li menner'l kay mesye rich la.




Sakima te renmen chante pou ti sè li sitou lè li te grangou. Sè li te konn koute lap chante chante li te pi renmen yo. Li te chante bèl ti mòso dous.



Men, Sakima pa kite sa kraze'l. Ti sè li te dakò avèk li "Chante Sakima fè'm vin pi kalm lè mwen grangou. Yo kapab ede mesye rich sa a tou."




Ti sè li te konn siplye'l « chante'l
ankò, ankò, ankò, ankò, ankò, ankò, ankò,
te aksepté enpi chante menm
chante ankò, ankò, ankò.



Sakima di paran li « Mwen ta ka
chante pou li ...petèt ke'l ta kontan
ankò, ". Men, paran li di li "Mesye sa
a rich. Ou se sèlman yon ti gason
avèg ou ye. Èske ou kwè ke chante
ou yo kapab ede'l?"



Yon swa, lè paran Sakima tounen lakay yo yo pate pale menm. Sakima santi te gen yon pwoblèm.



” Manman, papa kisa kap pase »
Sakima mande. Yo di Sakima ke pitit gason mesye rich la te disparèt.
Mesye an te santi'l sèl ak tris anpil.